



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Yo Administre 40,017 Dòz Vaksen pandan 24 Èdtan ki Sot Pase yo

COVID-19 lakoz 28 Lanmò nan Tout Eta a Yè

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Mete yon mask, lave men ou, pran vaksen ou - se tou senpleman senp pou kenbe tèt ou ak kominote w an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare**. Si w pa ko pran vaksen ou an deja, kounye a se pi bon moman pou fè sa. Li sekirize, efikas, gratis epi li fasilman disponib nenpòt kote atravè gran eta New York la".

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 117,753
 - **Total Pozitif** - 4,098
 - **Pousantaj Pozitif** - 3.48%
 - **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 3.16%
 - **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,476 (+85)
 - **Kantite Pasyan ki Fèk Entène** - 296
 - **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 552 (+8)
 - **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 279 (-3)
 - **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 196,464 (+182)
 - **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS** - 28
 - **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS**- 44,005
- Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.
- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi ki konpile se** - 56,097
- Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.
- **Total dòz vaksen yo administre** - 24,387,543
 - **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo** - 40,017
 - **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo** - 352,623

- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 79.2%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 71.5%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 81.7%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 73.4%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 66.9%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 60.2%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 69.2%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 61.8%

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| Rejyon | Samdi 11 septanm 2021 | Dimanch 12 septanm 2021 | Lendi 13 septanm 2021 |
|-----------------------|-----------------------|-------------------------|-----------------------|
| Capital Region | 4.29% | 4.42% | 4.38% |
| Central New York | 5.76% | 5.73% | 5.41% |
| Finger Lakes | 4.68% | 4.69% | 4.58% |
| Long Island | 4.23% | 4.12% | 4.18% |
| Mid-Hudson | 3.67% | 3.64% | 3.56% |
| Mohawk Valley | 5.33% | 4.92% | 4.66% |
| New York City | 2.15% | 2.15% | 2.17% |
| North Country | 5.71% | 5.83% | 5.65% |
| Southern Tier | 3.30% | 3.31% | 3.20% |
| Western New York | 4.93% | 5.07% | 4.88% |
| Nan tout Eta a | 3.22% | 3.19% | 3.16% |

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| MINISIPALITE nan NYC | Samdi 11 septanm 2021 | Dimanch 12 septanm 2021 | Lendi 13 septanm 2021 |
|----------------------|-----------------------|-------------------------|-----------------------|
| Bronx | 2.49% | 2.50% | 2.47% |
| Kings | 2.19% | 2.19% | 2.27% |
| New York | 1.53% | 1.56% | 1.58% |
| Queens | 2.30% | 2.29% | 2.27% |
| Richmond | 3.45% | 3.28% | 3.16% |

Yè, te gen 4,098 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 2,327,163. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|--------------|----------------------|----------------------|
| Albany | 27,817 | 48 |
| Allegany | 3,889 | 14 |
| Broome | 21,081 | 61 |
| Cattaraugus | 6,528 | 20 |
| Cayuga | 7,640 | 18 |
| Chautauqua | 10,379 | 22 |
| Chemung | 8,681 | 21 |
| Chenango | 4,068 | 11 |
| Clinton | 5,359 | 8 |
| Columbia | 4,509 | 12 |
| Cortland | 4,647 | 9 |
| Delaware | 2,905 | 22 |
| Dutchess | 33,179 | 78 |
| Erie | 97,252 | 115 |
| Essex | 1,876 | 8 |
| Franklin | 3,294 | 24 |
| Fulton | 5,132 | 22 |
| Genesee | 5,901 | 8 |
| Greene | 3,839 | 6 |
| Hamilton | 398 | 2 |
| Herkimer | 5,846 | 18 |
| Jefferson | 7,137 | 19 |
| Lewis | 3,075 | 5 |
| Livingston | 5,040 | 12 |
| Madison | 5,245 | 9 |
| Monroe | 76,508 | 97 |
| Montgomery | 4,920 | 21 |
| Nassau | 203,624 | 407 |
| Niagara | 21,683 | 28 |
| NYC | 1,040,961 | 1,545 |
| Oneida | 25,032 | 48 |
| Onondaga | 44,486 | 51 |
| Ontario | 8,313 | 19 |
| Orange | 53,663 | 84 |
| Orleans | 3,500 | 2 |
| Oswego | 9,196 | 47 |
| Otsego | 4,049 | 12 |
| Putnam | 11,628 | 24 |
| Rensselaer | 12,944 | 31 |
| Rockland | 50,133 | 71 |

| | | |
|--------------|---------|-----|
| Saratoga | 18,033 | 45 |
| Schenectady | 14,951 | 30 |
| Schoharie | 2,023 | 7 |
| Schuyler | 1,227 | 4 |
| Seneca | 2,367 | 3 |
| St. Lawrence | 8,407 | 50 |
| Steuben | 8,013 | 22 |
| Suffolk | 223,543 | 556 |
| Sullivan | 7,632 | 12 |
| Tioga | 4,291 | 9 |
| Tompkins | 5,690 | 7 |
| Ulster | 16,003 | 35 |
| Warren | 4,520 | 19 |
| Washington | 3,765 | 22 |
| Wayne | 6,678 | 28 |
| Westchester | 139,488 | 156 |
| Wyoming | 3,824 | 6 |
| Yates | 1,351 | 8 |

Yè, genyen 28 Nouyòkè ki mouri akòz COVID-19, sa ki fè total la vin 44,005.
 Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

| Moun ki mouri yo dapre Konte rezidans | |
|--|-----------------------|
| Konte | Nouvo Lanmò yo |
| Albany | 1 |
| Bronx | 4 |
| Chemung | 1 |
| Dutchess | 1 |
| Erie | 3 |
| Herkimer | 1 |
| Kings | 2 |
| Manhattan | 1 |
| Monroe | 2 |
| Nassau | 2 |
| Oneida | 2 |
| Onondaga | 1 |
| St. Lawrence | 1 |
| Suffolk | 2 |
| Ulster | 2 |
| Washington | 1 |
| Westchester | 1 |

Tout sit vaksinyasyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinyasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinyasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman sante lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yè, 24,357 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen yo epi 17,523 pran tout seri vaksen yo a. Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen selon rejyon yo prezante konsa:

| Rejyon | Moun ki pran omwen yon dòz vaksen | | Moun ki pran tout seri vaksen yo | |
|------------------|-----------------------------------|--------------------------------------|----------------------------------|--------------------------------------|
| | Kimilatif Total | Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan yo | Kimilatif Total | Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan yo |
| Capital Region | 736,307 | 882 | 676,270 | 780 |
| Central New York | 575,596 | 588 | 533,760 | 441 |
| Finger Lakes | 745,153 | 925 | 694,609 | 785 |
| Long Island | 1,806,055 | 4,431 | 1,598,606 | 2,929 |
| Mid-Hudson | 1,415,702 | 2,426 | 1,254,339 | 2,120 |
| Mohawk Valley | 286,787 | 330 | 265,094 | 253 |
| New York City | 6,377,370 | 13,299 | 5,654,161 | 8,986 |
| North Country | 266,679 | 324 | 240,307 | 210 |
| Southern Tier | 381,811 | 371 | 352,300 | 311 |
| Western New York | 812,426 | 781 | 746,231 | 708 |
| Nan tout Eta a | 13,403,886 | 24,357 | 12,015,677 | 17,523 |

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egziye etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinyasyon Eta a. Done ki soti nan NYSIIS ak CIR ke Depatman Sante Eta New York la rapòte gen ti diferans ak done ki rapòte sou plan federal la, sa ki gen ladan l dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)